

Gid Netwayaj pou COVID-19

DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH

DIREKTIV SOU NETWAYAJ POU COVID-19 NAN LEKÒL REJYON PALM BEACH

Direktiv sa yo sou netwayaj la se pou fè sèten tout lekòl yo san danje, pwòp, epi byen mentni, pou bay tout elèv, estaf, ak vizitè yo yon anviwònman ki sen pou travay epi aprann.

Kontwòl Enfeksyon: Yon Estrateji an twa-Etap

1. **Ijyèn Pèsonèl:** Pwotokòl pou ijyèn men ak respirasyon ak tous ak etèniman se kle nan estrateji ijyèn pèsonèl pou redui pwopagasyon kèk tip maladi enfektyez. Metòd pou kontwòl enfeksyon sa a enplike fasilite pwogram edikasyon sou ijyèn men y ap anseye epi ki mande lave men souvan, ak pwosesis pou tous ak etèniman.
2. **Netwayaj Regilye:** Netwayaj retire mikwòb, pousyè, ak salte sou sifas oswa objè. Netwayaj fonksyone nan itilize savon (oswa detèjan) ak dlo pou retire mikwòb fizikman sou sifas yo. Pwosesis sa a pa nesèsman tiye mikwòb, men li retire yo, li diminye kantite yo ak risk pou enfeksyon pwopaje.
3. **Netwayaj apwofondi:** Netwayaj apwofondi fonksyone nan itilize *EPA Quat 256* ki apwouve pou tiye mikwòb sou sifas ak objè. Netwayaj apwofondi se pwosesis kote yo idantifye sifas moun manyen anpil nan lekòl la epi yo trete yo avèk *Quat 256*. Apre 10 minit pou l aji, yo dwe siye retire dezenfektan an epi rene avèk dlo pwòp.

Sifas moun manyen anpil nan lekòl yo

Sifas moun manyen anpil yo se kote anpil men manyen souvan. Yon sifas kote se sèlman yon sèl elèv ki touche l pa konsidere kòm yon sifas moun manyen anpil. Sifas anpil men kapab touche anpil konsidere kòm sifas moun manyen anpil epi yo enkli, san yo pa limite ak:

- Manch pòt, bouton asansè, switch limyè, ba pou louvri pòt, balistrad
- Yon sourit ak klavye òdinatè moun pataje
- Klavye ak enstriman mizik moun pataje
- Tèt wobinè, manch twalèt, distribitè sèvyèt papye, sechwa pou men
- Pòt ak ranp bis
- Manch kafetyè, pòt mikwo-ond, pòt frijidè
- Distribitè otomatik

Sifas moun manyen anpil nan lekòl yo

Kèk zòn nan bilding lekòl yo konsidere ki genyen plis risk pou transmisyon maladi paske yo pi fasil pou genyen kontak po ak po oswa objè ak bouch. Zòn sa yo enkli, san yo pa limite ak:

- Depatman atlèt — tapi jimnastik, ekipman pou fè egzèsis, douch ak sal kazye ak kle
- Kuizin ak kafeterya
- Klinik
- Sant gadri pou timoun
- Twalèt

Pou kase chenn enfeksyon an

1. Èske lave men ap redui transmisyon maladi?

Wi. Lave men kòrèkteman (ak savon, dlo, epi fwote pandan 20 segond), epi souvan, minimize opòtinite pou mikwòb patolojik antre nan kò nou epi sa redui pwopagasyon bay lòt moun, objè, ak sifas.

2. Èske ijyèn respirasyon ak pwotokòl pou tous ap redui transmisyon maladi?

Wi. Sant pou Kontwol ak Prevansyon Maladi rekòmande etap sa yo pou kontwòl enfeksyon.

- Kouvri nen/bouch ak sèvyèt papyè lè w ap touse oswa etènye. Touse nan koud ou se yon altènatif lè sèvyèt papyè pa disponib.
- Itilize sèvyèt papyè, lè sa posib, pou kapte ti gout yo epi jete yo nan yon resipyan fatra apre izaj.
- Ankouraje elèv/estaf k ap touse oswa etènye pou yo kenbe yon distans 6 pye ant yomenm ak lòt moun.

3. Èske netwayaj ap redui transmisyon maladi?

Wi. Fè bon netwayaj souvan sifas moun manyen anpil ki genyen anpil risk, avèk ekipman apwopriye retire mikwòb sou sifas yo epi elimine kondisyon kèk mikwòb bezwen pou yo siviv.

4. Èske dezenfeksyon ap redui transmisyon maladi?

Wi. Dezenfeksyon se pwosesis yo itilize pou redui, men pa nesèsèman elimine mikwo-òganism sou sifas ak objè, konsa sa redui transmisyon kèk maladi sou sifas ki pa pèmeyab yo. Dezenfeksyon obligatwa selon règleman an, nan zòn kote ki genyen manje ak nan sant gadri pou timoun.

5. Èske netwayaj apwofondi ap redui transmisyon maladi?

Wi. Netwayaj apwofondi se yon pwosesis ki tiye oswa dezaktive definitivman mikwòb (bakteri, chanpiyon, ak viris) ki prezan sou yon sifas ki pa pèmeyab. Dezenfektan yo anrejistre nan Ajans Pwoteksyon Anviwònmanmantal kòm pestisid epi yo itilize yo pou detwi oswa elimine kwasans mikwo-òganism ki danjere sou sifas. Dezenfektan yo reyalize sa nan detwi pawa selil mikwòb oswa nan dezaktive yo.

Sifas ki pa pèmeyab yo pa bezwen dezenfekte regilyèman amwenske genyen san, likid ki soti nan kò moun, vomi, oswa matyè fekal sou sifas sa yo, oswa si lalwa mande l. Lè genyen yon epidemi maladi enfektyez epi anpil men manyen sifas la, y ap oblije ogmante frekans netwayaj la.

Repatisyon Orè Estaf Moun K ap Netwaye

- Fè repatisyon lè pou yo vini oswa zòn kote pou yo travay, pou limite kontak ant travayè yo.
 - Pèmèt sèlman de (2) moun travay ansanm nan gwo tach yo. Yo pa ta dwe chanje de (2) moun sa yo pandan tout ane lekòl la. Yo dwe toujou mete *PPE* yo epi kenbe distans sosyal otank posib pandan y ap travay ansanm.
 - Modifye orè moun k ap netwaye yo pou moun k ap travay aswè yo vin travay nan mitan jounen pou ede amelyore netwayaj nan pwen kontak yo. Fè sèten ou respekte kondisyon *SEIU/FPSU Regular Collective Bargaining Agreement*, Atik 9, Seksyon 10, konsènan chanjman travay epi konsiderasyon priyorite. Lè yo sigjere pou kòmanse se 11AM konsa yo kapab ede moun k ap netwaye nannuit yo. Kantite yo rekòmande pou netwaye nan mitan jounen se:
 - Lekòl Elemantè – 1 moun pou netwaye nan nitan jounen
 - Lekòl Mwayen – 2 moun pou netwaye nan nitan jounen
 - Lekòl Segondè – 3 moun pou netwaye nan nitan jounen
 - Moun k ap netwaye dwe pran poz separeman, enkli lè manje midi. Si sa pa posib, yo dwe chita yon minimòm 6 pye apa.

Estaf ak Frekans Netwayaj

PANDAN JOUNEN AN

An jeneral, manm pèsònèl sa yo ap fè travay sanitasyon ki nesèsè yo.

- Enfimyè yo – dezenfekte apre yo fin itilize ekipman ak ant vizit pasyan yo.
- Sèvis Manje – dezenfekte nan kad woutin pou preparasyon manje ak netwayaj.
- Moun k ap netwaye – dezenfekte manch pòt, balistrad, switch limyè, bouton asansè, bouton sous dlo, ak telefòn plizyè itilizatè, elevator buttons, bouton fontèn dlo, ak multi-itilizatè telefòn.

EVÈNMAN KI MANDE NETWAYAJ SIPLEMANTÈ

Anplwaye yo ap dezenfekte epi amelyore netwayaj selon bezwen yo.

- Enfimyè – san ki tonbe, vomi
- Sèvis Manje – san ki tonbe
- Moun k ap netwaye – san ki tonbe, aksidan nan twalèt, vomi
- Chofè Bis – san ki tonbe, aksidan nan twalèt, vomi

LIS VERIFIKASYON NETWAYAJ APWOFONDI POU 2 ÈDTAN

(CHANJMAN NETWAYAJ NAN MITAN JOUNEN)

TWALÈT:

- **Atè a:** Ranmase gwo debri
- **Resipyan Fatra/ Resipyan Sanitè:** Yo dwe tcheke, vide, dezenfekte ak chanje poubèl ak resipyan sanitè yo.
- **Distribitè :** Tcheke ak Mete nan estòk
- **Lavabo/Twalèt/Kote pou Pipi:** Aplike dezenfektan *Quat 256* epi kite l rete 10 minit
- **Miwa:** Vaporize netwayan an sou yon moso twal epi siye glas/miwa a
- **Atè a:** Pase mòp la nan pwent ki pi lwen nan pòt la.

SIFAS YO TOUCHE ANPIL:

- **Fontèn Dlo:** Aplike *Quat 256*, kite l rete 10 minit, siye avèk yon twal pwòp, rensè l avèk dlo
- **Manch Pòt:** Aplike *Quat 256*, kite l rete 10 minit, siye avèk yon twal pwòp, rensè l avèk dlo
- **kAZYE:** Aplike *Quat 256*, kite l rete 10 minit, siye avèk yon twal pwòp, rensè l avèk dlo

Pran Prekosyon; Sèvi ak Dezenfektan EPA Apwouve

Pou enfòmasyon espesifik sou kòman pou suiv rekòmandasyon sou pratik travay sa yo, konsilte etikèt ki sou chak pwodwi y ap itilize. Edike anplwaye lekòl la sou pwotokòl dezenfeksyon, epi afiche yo nan kote ki aksesib. Sonje chanje pwotokòl la lè pwodwi yo chanje. Espesyalman, pou *Quat 256*, apre 10-minit, yo dwe siye dezenfektan an epi rensè l avèk dlo pwòp.

REKÒMANDASYON sou PRATIK TRAVAY

- **Pwoteje Travayè yo:** Toujou sèvi ak dezenfektan *Quat 256 PPE* rekòmande a ak yon vantilasyon adekwat. Fè sèten sistèm chofaj, vantilasyon, ak èkondisyone etablisman an ap mache lè w ap itilize dezenfektan *Quat 256*.
- **Pwoteje Moun ki nan Blding yo:** Minimize ekspozisyon (nan vapè pwodwi oswa rezidi) moun ki nan bilding nan lè w ap chwazi pwosesis aplikasyon an ak reyalize pwosesis sanitasyon an. Malgre gen kèk aktivite ki bezwen fèt pandan lekòl la ap fonksyone, yo ta dwe pwograme travay ki bezwen fèt yon fwa pa jou sèlman, apre elèv, pwofesè, ak lòt pèsònèl yo ale.
- **Diminye Kantite:** Lè w ap aplike dezenfektan an, sèvi ak mwens kantite dezenfektan posib jan manifakti a mande l pou kapab jwenn nivo kontwòl mikwòb yo vle a. Plis pa nesèsman pi bon; li ka pi danjere, epi kreye dechè.

- **Kite li pandan 10-minit:** Swiv direktiv ki sou etikèt la pou detèmine tan sifas la bezwen rete mouye pou dezenfektan an reyaji avèk mikwòb yo pou touye yo.
- **Rense:** Siye dezenfektan *Quat 256* la epi rense l ak dlo pwòp.

DEZENFEKSYON AK NETWAYAJ APWOFONDI AVAN MOUN VINI AN REpons AK KOMD-19

**** Lè w ap itilize Quat 256, fè sèten ou rense sifas la avèk dlo pwòp 10 minit apre w aplike li. ****

- Dezenfekte tout mèb ki gen sifas di. Amelyore netwayaj la ak *Quat 256*.
- Dezenfekte tout pòt, ankadreman pòt ak manch pòt. Amelyore netwayaj la ak *Quat 256*.
- Amelyore netwayaj tout klavye òdinatè, sourit ak ekran avèk *Quat 256*.
- Pase aspiratè sou tapi yo, apres, netwaye yo ak dlo epi itilize ekstraktè kapèt.
- Dezenfekte planche ki di.
- Dezenfekte tout mi yo, enkli switch limyè. Amelyore netwayaj la ak *Quat 256*.
- Amelyore netwayaj twalèt avèk *Quat 256*.
- Dezenfekte tout telefòn, klavye ak aparèy pòtatif yo. Amelyore netwayaj sal kazye yo ak douch yo avèk *Quat 256*.
- Fè netwayaj apwofondi graden jimnastik ak kousen miray yo avèk *Quat 256*.
- Dezenfekte pawa asansè yo ak bouton yo.
- Fè netwayaj apwofondi bouton fontèn dlo ak pwotèj yo avèk *Quat 256*. Rense avèk dlo.

NETWAYE AK ITILIZE DEZENFEKTAN ANPLIS NETWAYAJ REGILYE POU COVID-19

Frekans	Travay ki Dwe Fèt	Sal
Chak jou	Estaf lajounen ap netwaye avèk <i>Quat 256</i> sifas yo touche anpil yo, enkli men pa limite ak manch pòt, telefòn, ba panik , elatrye. Tcheke savon pou men, papye napkin ak dezenfektan pou men	Tout Kanpis la
Chak jou/chak swa	Fè netwayaj apwofondi tout manch pòt, ba panik , balistrad ak switch limyè avèk <i>Quat 256</i> .	Tout Kanpis la
Chak jou/chak swa	Fwoubi oswa lave sòl ki gen sifas di yo avèk netwayan pou tout izaj si sa nesèsè.	Tout Kanpis la
Chak jou/chak swa	Pwòpte tout telefòn, klavye epi konbine yo avèk <i>Quat 256</i> .	Tout Kanpis la

Chak jou/chak swa	Dezenfekte epi fè netwayaj apwofondi tout klinik, twalèt, gadri ak zòn atletik yo avèk <i>Quat 256</i> .	Klinik, twalèt, gadri ak zòn atletik
Chak jou/chak swa	Dezenfekte ak pwòpte tout mèb ki gen sifas di yo.	Tout Kanpis la
Chak jou/chak swa	Dezenfekte ak pwòpte bouton fontèn dlo yo epi pwoteksyon figi. Rense.	Tout Kanpis la

FÈ SANITASYON AK NETWAYAJ APWOFONDI DAPRE RÈGLEMEN CDC LÈ YO RAPÒTE KA POZITIF

- Fèmen zòn moun ki malad la t ap itilize. Plase siy restriksyon pou moun pa gen aksè.
- Lekòl pa nesèsman bezwen sispann fonksyone si yo kapab fèmen zòn ki afekte yo.
- Ouvri pòt ak fenèt deyò yo epi itilize vantilatè pou ogmante sikilasyon lè nan zòn nan.
- Pwòpte tout zòn moun ki malad la t ap itilize, suiv pwotokòl la avan moun vini an, yon fason pou koresponn ak *Covid-19*.
- Yonfwa yon zòn fin pwòpte nòmalman, yo kapab ouvri li pou itilize l.
- Kontinye woutin fè gwo pwòpte. Sa enkli pratik pwòpte lekòl yo abitye fè chak jou pou kenbe yon anviwònman ki san danje pou sante.

LÒT REPOUS POU COVID-19

- Depatman *Maintenance & Plant Operations and Environmental & Conservation Services (ECS)* te kòmanse epi ap kontinye ofri antrènman pou Estaf k ap netwaye yo pandan yo itilize videyo edikatif ki montre metòd kòman pou dezenfekte ak fè netwayaj apwofondi.
- Itilize fèy kontwòl kalite yo.
- Tout moun k ap netwaye yo dwe itilize *PPE* Distri a bay pandan yo nan travay: gan ak mask.
- Enstalasyon distribitè sanitasyon pou men ki gen alkòl ladan nan zòn yo seleksyone sou tout kanpis yo.
- Kreye orè pou sanitasyon twalèt ak depo yo pandan tout jounen an.
- Moun k ap netwaye yo ap konsantre plis sou sanitasyon ak kenbe bilding nan pwòp epi mwens sou lòt travay yo bayo fè.
- Ekip ki la pou bay repons nan zòn ki gen ka ijan an genyen ladan li pwofesyonèl lisansye ki soti lòt kote ak lòt vandè depatman *Environmental & Conservation Services* bay kontra; y ap itilize yo lè gen yon epidemi oswa enfeksyon yo pa konnen.
- Y ap bay pwofesè yo sèvyèt tisi imid (wipes) nan ka yo ta bezwen dezenfekte pi souvan.

Règleman Sou Pwosedi Netwayaj Nan Lekòl

TWALET

Itilize prensip *PPE* ki apwopriye. Ou dwe mete gan ak mask pandan w ap travay.

Etap 1. Yonfwa ou nan twalèt la, retire pousyè epi bale tout andedan twalèt la.

Etap 2. Retire fatra nan poubèl oswa chanje sache fatra a. Flite dezenfektan andedan yo epi ranplase sache yo.

Etap 3. Tcheke Resipyan sanitasyon, vide, dezenfekte, epi ranplase sache yo

Etap 4. Tcheke tout distribitè savon yo epi ranpli yo si nesèsè.

Etap 5. Flite *Quat 256* sou tout aparèy, evye, kontwa, epi deyò tout distribitè. Kite yo rete mouye pou 10 minit.

Etap 6. Dezenfekte tout tach nan mi, patisyon, sifas vètikal ak orizyontal.

Etap 7. Aplike dezenfektan *Quat 256* pou dezenfekte irinwa ak twalèt. Kite yo rete mouye pou 10 minit. Foubi andedan twalèt ak irinwa yo ak yon bwòs twalèt avèk yon dezenfektan.

Etap 8. Sèvi ak yon moso twal mikwofib ki pwòp epi siye aparèy, lavabo, kontwa, distribitè aprè 10-minit yo rekòmande a.

Etap 9. Netwaye miwa avèk moso twal mikwofib oswa sèvyèt papye ki pwòp.

Etap 10. Plase siy avètisman atè nòmalman pou anpeche gen aksidan epi kòmanse mòpe soti kote ki pilwen epi mòpe rive jis kote pou soti nan twalèt la. Kite siy ki di pran prekosyon yo nan twalèt la aprè ou fin mòpe.

SALKLAS

Itilize prensip *PPE* ki apwopriye. Ou dwe mete gan ak mask pandan w ap travay.

Etap 1. Avan ou retire fatra, aplike *Quat 256* sou sifas ki apwopriye yo. Aplike ase pou li kapab rete mouye pandan 10 minit.

Etap 2. Tcheke epi ranpli distribitè yo.

Etap 3. Retire fatra oswa chanje sache yo si yo sal oswa mouye, netwaye resipyan fatra epi ranplase sache yo. Siye deyò resipyan fatra yo pou anpeche devèsman. Ranplase sache yo epi pliye rebò yo.

Etap 4. Netwaye anwo ak anba epi kòmanse nan zòn ki gen plis pousyè nan klas la, itilize twal ak netwayè ki gen alonj.

Etap 5. Aplike *Quat 256* pou netwaye tòchon mikwofib epi itilize li pou netwaye kote moun touche tankou manch pòt ak switch limyè.

- Etap 6.** Efase tablo a jan pwofesè a di. Itilize yon twal sèk pou w netwaye plato a.
- Etap 7.** Netwaye mak ki sou mi yo, bifèt, ankadreman fenèt, etajè, vitrin, kontwa ak lòt sifas.
- Etap 8.** Apre 10 minit, itilize yon tòchon mikrofib pou siye tout sifas ki te deja trete ak pwodui *Quat 256*. Rense ak dlo pwòp.
- Etap 9.** Netwaye tout vit nan klas la avèk tòchon mikrofib. Netwaye tout vit la si sa nesesè.
- Etap 10.** Ranje biwo, tab, ak chèz elèv yo epi fè sèten klas la pare pou elèv yo itilize lè yo vini lekòl.
- Etap 11.** Pase aspiratè sou tout tapi.
- Etap 12.** Siye ak mòpe atè a, konsantre sou anba mèb yo, kwen yo, ak pwòpte tout planche a an jeneral.
- Etap 13.** Plase siy ki endike atè a mouye nòmalman pou anpeche aksidan. Siye ak mòpe atè a kòmanse kote ki pilwen nan klas la pou rive soti deyò.

Lekòl elemantè, sa depan aranjman ki fèt, kapab mande pou yo delivre manje nan klas la. Si se opsyon sa a yo chwazi, yon moun k ap netwaye ak yon anlwaye nan sèvis manje a ap travay ansanm pou ramase fatra aprè manje midi.

SAL KAZYE ki KADNASE

Itilize prensip *PPE* ki apwopriye. Ou dwe mete gan, yon mask, ak linèt pwoteksyon, lè w ap travay.

- Etap 1.** Pandan ou antre nan sal kazyè kadnase yo, retire tout gwo debri atè a epi mete tout rad yon sèl kote toupre biwo antrenè a.
- Etap 2.** Vide poubèl oswa retire sache yo si yo sal. Pa janm foure meni, toujou vide. Siye resipyan yo epi replase sache yo si sa nesesè.
- Etap 3.** Rasanble tout poubèl sèvyèt ijyenik nan sal kazyè kadnase ti fi yo epi ranje yo deyò sal la.
- Etap 4.** Aplike pwodui *Quat 256* la sou tout sifas solid yo pandan w ap fè atansyon sechwa men yo paske yo gen koneksyon elektrik ladan yo.
- Etap 5.** Pandan l ap aji pandan yon ti tan (10 minit), remete papye twalèt ak sèvyèt papye, regani resipyan sèvyèt ijyenik yo, tyeke pou grafiti epi retire li, remete savon, tcheke plafon an pou tout bagay ki pa dwe la.
- Etap 6.** Aprè 10 minit, itilize yon twal mikwofib ki pwòp pou siye sifas yo epi retire tach.

Etap 7. Netwaye miwa avèk vaporizatè pou netwayaj vit, epi etenn tout limyè. Siye entèripte avèk sèvyèt mikwofib pretrete.

Etap 8. Ou dwe make travay antretyen tou, paske yo tipikman itilize kote sa yo anpil.

LAKOU REKREYASYON

- Yo avize estaf yo pou netwaye ekipman teren jwèt yo yonfwa pa jou, bonè nan maten, avèk savon ak dlo.
- Estaf yo dwe kreye estasyon pou lave men ak dezenfektan pou men pou timoun yo itilize avan epi apre yo antre nan espas rekreyasyon yo. CDC rekòmande lave men pandan omwen 20 segond.

KLINIK

Paske espas sa a posiblerman se yon kote ki siseptib anpil pou *BBP (blood borne pathogens)*, li enpòtan pou itilize *PPE* ki apwopriye diran netwayaj klinik yo (gan ak mask).

Etap 1. Premyeman, tyeke toupatou epi retire gwo debri ki atè epi tyeke twalèt pou si y ap degoute pandan w ap floche tout bagay.

Etap 2. Vide bokit fatra epi retire sache yo. Pa janm antre men w andedan yo, toujou chavire yo. Siye arebò tout bokit yo epi ranplase sache yo chak jou.

Etap 3. Ranmase tout resipyan tanpon sanitè ki atè nan twalèt fi yo epi mete deyò twalèt la.

Etap 4. Aplike *Quat 256* nan tout sifas di yo, pandan w ap fè atansyon ak sechwa pou men yo paske yo ploge nan kouran.

Etap 5. Pandan bagay sa yo ap seche (10 minit), remete papyè twalèt ak sèvyèt papyè, remete sache nan resipyan tanpon sanitè yo, tyeke majigridi epi retire yo, ranpli kanistè savon, tyeke plafon pou nenpòt sa ki pa ta dwe la.

Etap 6. Apre 10 minit, itilize yon chiffon mikwofib ki pwòp pou netwaye tout sifas epi rense avèk dlo pwòp.

Etap 7. Pase mòp chak jou.

Etap 8. Netwaye miwa avèk vaporizatè pou netwayaj vit epi etenn tout limyè. Siye enteriptè avèk sèvyèt mikwofib pretrete.

LIS NETWAYAJ CHAK SWA

Sal klas / Biwo

	Biwo ansanm avèk sifas ki wo
	Siye tout aparèy ki inoksidab/an kwòm
	Pase aspiratè sou tapi/mòpe planche yo
	Tablo nwa/blan
	Vide tay kreyon
	Retire tout fatra/resipyan resiklaj nan sal yo
	Pòt ak ankadreman
	Switch limyè ak manch pòt

Twalèt

	Echapman <i>HVAC</i>
	Limyè
	Plafon
	Tout miwa
	Tout sechwa pou men
	Tout distribitè papyè twalèt
	Distribitè sèvyèt papyè
	Vide resipyan fatra yo ak resipyan sanitè yo

LIS NETWAYAJ APWOFONDI PANDAN ETE

SAL KLAS, BIWO, KOULWA, SANT MEDYA ELTR.

	Fè netwayaj apwofondi echapman HVAC ak antre lè yo
	Fè netwayaj apwofondi vit ak aparèy limyè yo
	Dezenfekte tout mi yo
	Netwaye tout fenèt ak venisyèn yo (<i>blinds</i>)
	Fè netwayaj apwofondi tout pòt ak ankadreman yo
	Netwaye anba miray yo
	Retire tach dlo ki vizib
	Fè netwayaj apwofondi epi poli metal inoksidab tout fontèn dlo
	Dezenfekte ep fè netwayaj apwofondi tout biwo ak mèb
	Tyeke/netwaye ozalantou tout bifèt ki aksesib
	Retire tout fatra/resipyan resiklaj nan sal yo
	Dezenfekte, pase aspiratè epi netwaye tapi yo
Twalèt	
	Fè netwayaj apwofondi echapman HVAC
	Netwaye/ranplase kawo ki manke nan plafon yo
	Dezenfekte ak fè netwayaj apwofondi mozayik ki nan mi yo
	Netwaye tout miwa
	Dezenfekte ak fè netwayaj apwofondi tout sechwa men yo
	Dezenfekte ak fè netwayaj apwofondi tout aparèy ki nan twalèt ak lavabo yo
	Dezenfekte fè netwayaj apwofondi tout distribitè papyè twalèt yo
	Dezenfekte ak fè netwayaj apwofondi distribitè sèvyèt papyè yo
	Netwaye aparèy limyè yo
MOZAYIK ATÈ	
	Bwose 2/3 planche nan lekòl la
	Grate epi re-sire rè 1/3 planche ki rete nan lekòl la
ATIK ANTRETYEN	
	Ranplase balas (transfòmètè) ak anpoul ki pi wo pase 10 pye
	Ranplase kawo ki manke nan plafon si sa nesesè
	Ranplase filtè HVAC yo si sa nesesè
	Soumèt rekèt pou sèvis si sa nesesè